

Dwa ak Responsablite Patisipan Pwogram WIC

Mwen te resevwa enfòmasyon sou dwa ak responsablite m antan patisipan Pwogram WIC. Mwen konprann mwen gen dwa pou:

- *Resevwa tretman san paspouki e avèk respè nan men anplwaye WIC ak anplwaye nan magazen yo.*
- *Enfòmasyon mwen bay te pèsonèl WIC la rete konfidansyèl. Yo p ap kominike yo ba okenn moun andeyò Pwogram WIC la san pèmisyon m.*
- *Resevwa edikasyon sou nitrisyon ak enfòmasyon sou swen sante e lòt sèvis itil.*
- *Sèvi ak nenpòt ki makèt oubyen famasi nan Eta New York ki otorize aksepte WIC.*
- *Resevwa yon pake manje ki koresponn ak bezwen nitrisyon mwen, oswa bezwen nitrisyon timoun mwen an.*
- *Mande yon transfè nan yon lòt ajans WIC nan zòn lan.*
- *Pou yo di m kilè ak pou kisa benefis pwogram WIC mwen yo ap fini.*
- *Mande yon odyans san patipri si mwen pa dakò avèk desizyon konsènan kalifikasyon m.*

Enfòmasyon mwen te bay pou yo wè si mwen kalifye pou Pwogram WIC la kòrèk, dapre sa mwen konnen byen. Mwen konprann:

- *Pèsonèl Pwogram WIC la kapab verifye enfòmasyon mwen te bay yo pou konfime si yo kòrèk.*
- *Mwen dwe fè biwo WIC lokal mwen konnen si mwen planifye pou chanje kay, si nimewo telefòn mwen chanje, si revni an chanje pou nenpòt moun ki lakay mwen, oswa si mwen vle chanje pou pran sèvis la nan yon lòt biwo WIC.*
- *Si mwen fè espere bay fo deklarasyon oswa bay manti oubyen refize bay enfòmasyon dekwa pou m ka resevwa benefis pwogram WIC, mwen ka oblije remèt Eta a benefis mwen te mal resevwa yo. Fonksyonè New York oswa fonksyonè Federal ka trennen mwen lajistis.*
- *Mwen ka patisipe nan yon sèl pwogram WIC oswa nan yon sèl Pwogram Commodity Supplemental Food Program (CSFP, Pwogram pwodui alimantè debaz siplemantè). Mwen sètifye mwen pa enskri kounye a nan okenn lòt pwogram WIC oubyen CSFP.*
- *Manje WIC yo, se sèlman pou manm fanmi k ap patisipe nan pwogram lan. Mwen pa ka vann ni fè kado manje WIC oubyen Chèk WIC yo.*
- *Si pake manje m lan bezwen chanje oswa yo dwe sispann li pou yon ti tan, m ap rele biwo WIC nan zòn mwen an.*

Mwen konnen ajans lokal la pral mete adispozisyon m sèvis sante ak edikasyon sou nitrisyon, epi yo ankouraje m patisipe nan sèvis sa yo.

Mwen kapab fè apèl kont nenpòt desizyon ajans lokal la pran konsènan kalifikasyon m pou Pwogram lan.

Mwen konnen prensip pou kalifikasyon ak patisipasyon nan Pwogram WIC la se menm bagay pou tout moun, kèlkeswa ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks.

Sa a se yon deklarasyon konflmasyon ki endike ou dwe siyen nan sistèm enfòmasyon la anvan ou kapab resevwa chèk WIC ou yo:

Yo te fè mwen konnen dwa ak obligasyon mwen nan Pwogram WIC la. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay pou detèmine si mwen kalifye se enfòmasyon ki konplè ak egzat dapre tout sa mwen konnen. Mwen bay enfòmasyon sa yo pou mwen kapab resevwa avantaj WIC, epi mwen rekonèt ofisyèl ajans WIC Eta a ak lokal ka verifye enfòmasyon sa yo. Mwen rekonèt tou si mwen fè espere pou bay fo enfòmasyon sa ka lakòz mwen jwenn pouswit sivil oswa

kriminèl nan lajistis anba lwa eta a ak/oswa lwa federal. Fè espere pou bay fo enfòmasyon gen ladan, men pa sèlman, fè fo dosye avèk entansyon mwen, sere oswa retire nan chif revni fanmi an, nan kantite moun ki nan fanmi an, nan done medikal yo, nan sityasyon Medicaid ak adrès kay mwen. Answit, mwen rekonèt si mwen fè fo deklarasyon oswa si mwen fè deklarasyon pou twonpe moun, pou sere oswa retire enfòmasyon yo sa ka lakòz mwen diskalifye epi m ap gen obligasyon pou remèt valè lajan avantaj manje mwen te jwenn yon fason ki pa kòrèk san yo pa konsidere si mwen te fè espere oswa si mwen pa t fè espere pou jwenn avantaj yo yon fason ki pa kòrèk. Finalman, mwen rekonèt mwen ka patisipe nan yon sèl Pwogram WIC oswa nan Commodity Supplemental Food Program (CSFP) (Pwogram Distribisyon Atik Alimantè Sipleman), epitou mwen konfime mwen pa enskri nan okenn lòt pwogram WIC oswa Pwogram Distribisyon Atik Alimantè Sipleman nan moman an. Mwen mande pou yo fè chèk yo epi pou yo ban mwen yo jodi a.

Pou mande yon Odyans san Patipri

Si yo reflèze w patisipe oswa yo retire w nan Pwogram WIC la, si w pa dakò ak desizyon an ou gen dwa pou mande yon Odyans san Patipri. Yo dwe ba w yon notifikasyon alekri sou dwa ou genyen pou jwenn yon Odyans san Patipri. Ou ka mande yon reyinyon ak ajans lokal la anvan sèt jou fln pase pou diskite sou pwoblèm ou yo anvan ou mande yon Odyans san Patipri. Ou dwe kontakte ajans lokal la epi mande yon Odyans san Patipri anvan 60 jou fln pase apre refl a oswa diskalifikasyon an. Anplwaye ajans lokal la disponib pou ede w ranpli yon fòm pou pote plent.

Deklarasyon USDA Kont Pratik Diskriminasyon

The U.S. Depatman Agrikilti Etazini entèdi diskriminasyon kont kliyan li yo, anplwaye li yo, ak moun ki aplike pou travay akòz ras, koulè, peyi kote yo fèt, laj, konviksyon politik, eta sivil, kondisyon fanmi oswa paran, preferans seksyèl, oswa tout oswa yon pati nan revni yon moun sòti nan nenpòt pwogram asistans piblik, oswa enfòmasyon jenetik pwoteje nan nenpòt travay oswa nan nenpòt pwogram oswa aktivite Depatman an ap fè oswa flnanse. (Se tout rezon ki entèdi k ap aplike nan tout pwogram yo ak/oswa aktivite travay.)

Si ou vle pote plent pou diskriminasyon nan pwogram Dwa Sivil, ranpli Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon. Ou ka jwenn fòm nan sou entènèt nan sitwèb: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html oswa nan nenpòt biwo USDA, oswa rele nimewo (866) 632-9992 pou mande fòm nan. Ou ka ekri yon lèt tou ki gen tout enfòmasyon yo mande sou fòm nan. Voye fòm plent ou ranpli a oswa lèt la ban nou pa lapòs nan U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, nan faks, (202) 690-7442 oswa nan imèl nan program.intake@usda.gov.

Moun ki soud oswa ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339; or (800) 845-6136 (Panyòl).

USDA se yon founisè ak patwon ki bay menm opòtinite pou tout moun.

Deklarasyon San Diskriminasyon Eta New York

Eta New York entèdi diskriminasyon ki baze sou kwayans, sityasyon fanmi ak preferans seksyèl.

Moun ki kwè yo te viktim diskriminasyon dapre New York State Human Rights Law (Lwa Eta New York pou Dwa Moun) dwe rele Sèvis Asistans nan Telefòn Growing Up Healthy a nan 1-800-522-5006, oswa ekri (Direktè Pwogram WIC la), WIC Program Director, NYSDOH, Riverview Center, 6th Floor West, Room 650, 150 Broadway, Albany NY 12204.

